АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№1 (9942)
РУЗМАН
15 январь 2021 сон
2 ДЖУМАД АЛЬ-АХИР 1442 СОН

Шамил районалъул газета    Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство    Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ    Багъа эркенаб



13 ЯНВАРЬ - РОССИЯЛЪУЛ БАСМАЯЛЪУЛ КЪО

# Хвалчадул къвакIиялдаса, къалмил тамахлъи бергьунеб

**ГIаммаб информациялъул алатал (СМИ) рикIкIуна пачалихъалъул ункъабилеб власть бугилан. Гьелъ гьорлъе рачуна басмаялъул, телерадиоялъул ва электронниял алатал. 1991 соналдаса нахъе 13 январалъ Россиялда кIодо гьабула басмаялъул хIалтIухъабазул байрам.Гьелъие гIиллалъун ккана 1703 соналъул 13 январалъ Россиялда биччараб тIоцебесеб газета. 1711 соналдаса нахъе хIалтIизе байбихьана хасаб басмахана. Казият цIалиялде гьира бачIинабизе рагьулел рукIун руго хасал ресторанал, гьенире казиятги босун, гьеб цIалулезе чIобого кьолеб букIун буго чай ва печенаби. 1870 соналдаса байбихьана почалдаса газетазе подписка гьабизе.**

Жакъасеб къоялъ электронниял СМИял гIолохъанаб гIелалда гьоркьор машгьурал ратаниги, басмаялъулал газетазул кIвар гIодобегIан ккун гьечIо. Дагъистаналъул басмаялъулаб тарих байбихьана 1906 соналъул 27 февралалдаса нахъе. Гьеб къоялъ биччан буго «Дагъистан» казияталъул тIоцебесеб номер. XIX гIасруялда Дагъистаналъул халкъазул хасаб алфавит букIунгутIиялъ, 1928 соналде щвезегIан, казиятал, тIахьал къватIире риччалаан гIажамалда. Дагъистаналъул гIемерисел районал гIуцIана араб гIасруялъул 1921-1931 соназ. Гьездаго цадахъ пачалихъалъул бугеб ахIвал-хIал къватIиб кьезе щибаб районалда гIуцIана казиятал. Нилъер районалъул гьумер, «Цолъи» казият къатIибе биччазе байбихьана 1931 соналъул 31 маялдаса нахъе. Басма байбихьиялдалъун рагьана Дагъистаналъул халкъазул маданият цебетIезабиялъул цIияб гьумер.

Хасаб басмахана Дагъистаналда рагьизегIанги кIалзул ва хъвавул рагIи кидаго нилъер халкъалъе тIадегIанаб букIана. Меседил багъаял руго нилъер умумуз кверalъ хъварал гIелмиял мажмугIал, щагIирзабазул асарал, халкъияб каламалъул аби-биценал. ГIадада гурелъул «Хвалчадул къвакIиялдаса, къалмил тамахлъи бергьунеб» абураб кици бугеб.

*(Ахир 4-леб гьумералда)*

■ «ЦОЛЪИ» - 2021

## 2021 соналъул 1-себ бащдаб лъагIалие подпискаялъул хIасил

| № | Идараби | Подписка |
|---|---|---|
| 1 | Администрация | 14 |
| 2 | Пенс. фонд | 1 |
| 3 | Казначейство | 1 |
| 4 | УСХ | 2 |
| 5 | Вет. управление | 5 |
| 6 | с\х банк | - |
| 7 | ТМО | 3 |
| 8 | Фин. отдел | 3 |
| 9 | ОНО | 7 |
| 10 | УСЗН | 2 |
| 11 | Дом культура | 11 |
| 12 | Библиотека | 31 |
| 13 | Прокуратура | 1 |
| 14 | РайПО | 1 |
| 15 | Поликлиника | - |
| 16 | СОШ | 19 |
| 17 | РУЭС | 1 |
| 18 | Ясли-сад | 14 |
| 19 | ОМВД | - |
| 20 | МФЦ | - |
| 21 | Вет. лаборатория | - |
| 22 | Военкомат | - |
| 23 | Сель/адм | 7 |
| 24 | Мир.суд | - |
| 25 | Рай.суд | 1 |
| 26 | ЦЗН | 1 |
| 27 | КЦСОН | 3 |
| 28 | ЕДДС | 2 |
| 29 | Налоговая | 1 |
| 30 | Редакция | 2 |
| 31 | ХIебда рукъзабахъе хъвараб | 3 |
| 32 | Школа искусства | 3 |
| 33 | с.Цекоб | 2 |
| 34 | с. Тлянуб | 15 |
| 35 | с. Могох | 20 |
| 36 | с.Нитаб | 3 |
| 37 | с.Куаниб | 11 |
| 38 | с.Андых | 10 |
| 39 | с. Хучада | 10 |
| 40 | Ратлуб СОШ | 10 |
| 41 | с.Голотль | 35 |
| 42 | с.Кахиб | 43 |
| 43 | с.Н.Батлух | 57 |
| 44 | с.Ругельда | 76 |
| 45 | с.Телетль | 52 |
| 46 | с.Тидиб | 46 |
| 47 | с.Урада | 78 |
| 48 | с.Уриб | 51 |
| 49 | с.Ассаб | 35 |

■ КЪИМАТАЛ ШАПАКЪАТАЛ

# Тохтурзабазе тIадегIанал цIарал

**Пандемиялъул заманалъ бахIарчияб хIалалда хIалтIарал ТIолгороссиялъул медиказе рихьизарун рукIана мустахIикъал цIарал ва къиматал шапакъатал. Гьезда гьоркьор нилъер районалъул больницаялъул хIалтIухъабиги кIодо гьарун рукIана Дагъистаналъул ва Россиялъул Президентасул даражаялъул шапакъатаздалъун.**

27 декабралда официалияб ахIвал-хIалалда ДРялъул бетIерасул ишал тIуралев Сергей Меликовас «Пироговасул Орден» сайгъат гьабуна Шамил ЦРБялъул врач анестезиолог-реаниматолог Аслангераев ГIабдулхIамид МухIамадовичасе ва РФялъул Президентасул ХIурматалъул грамота реанимациялъул кIудияй медсестра ГIамирханова Мадина НурмухIамадовналъе.

Жидерго сахлъиялда барахщичIого, лъайги бажариги унтаразе кьолел, гIемерал захIмалъабиги хIехьезе ккарал медиказе гьел тIадегIанал цIарал мустахIикъал рукIана. Гьарула хадубккунги гьезие хIалтIулъ бергьенлъаби, икъбал ва чорхое сахлъи.

*П. ЖАМАЛУДИНОВА*





## ■ АРАБ 2020 СОНАЛЪУЛ ХIАЛТIАБИ ВА ЦО-ЦО ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЛ

### ТIидиб цIияб лъадал мухъ



Дагъистаналъул бетIерасул буюрухъалда рекъон, тIолго республикаялдаго унел ругел «Дир Дагъистан - дир лъим», «Дир Дагъистан - дир нухал» во цогидалги проектазда рекъон нилъер районалдаги гIумруялде рахъинаруна гIемерал хIалтIаби.

Гьел хIалтIабазул цояблъун ккола Шамил районалъул бищун кIудияб росулъ рагьараб цIияб лъадал мухъ. Лъадал мухъ официалияб хIалалъ рагьулеб тадбир тIобитIана 5 июналда. Гьанив гIахьаллъизе вачIун вукIана ДРялъул ХIукуматалъул председателасул заместитель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов.

9.9 км халалъи бугеб лъадал мухъалъул байбихьи лъун буго Гъуниб, Шамил ва ЧIарада районазул гIорхъабазда.

### Микьигъориб бацIцIадаб лъим



Гьебго «Дир Дагъистан-бацIцIадаб лъим» абураб миллияб проекталда рекъон, хIалтIаби гьаруна Микьигъориб - ГIуриб – Зивуриб мухъалда ругел росабалъ. Микьигъориб росулъе лъим щун буго, хутIарал росабалъе лъим щвезе гIисинал хIалтIаби хутIун руго. Гьениб бахъараб лъелмухъалъул халалъи ккана 16 км. Кьурабалъан рогIрал лъезе захIмат букIиналъ, хIалтIи халат бахъана 2 лъагIалица. Федералияб проекталъ гьеб хIалтIуе биччан букIана 30.8 млн. гъурущ. Гьаб соналъ ХIебдаги лъелмухъал къачIазе хIалтIаби байбихьизе рагIи кьун буго нухмалъулез.

### ГIурада ва Гъоркьа Бакълъухъ рагьана байданал



«Дир Дагъистан» проекталъул «Комфортная среда» бутIаялда гIахьаллъи гьабун къачIарал площадкаби рагьана ГIурада ва Гъоркьа Бакълъухъ. 9 сентябралда байрамияб ахIвал-хIалалда кIиябго росулъ тIоритIана площадкаби рагьулел тадбирал.

Гъоркьа Бакълъухъ росдал централияб мажгиталда аскIоб годекIаналъул площадка берцинго сверун къан, тIадхъелги гьабун къачIана. Гьенибго гьабун буго лъималазе спортивияб комплексги.

ГIурада росдал администрациялда цебе бугеб байдан цIакъ берцинлъизабуна. Хъил тIун битIизабун буго площадка, чIчIун руго гъутIби, лъун руго скамейкаби, беседка ва спортивияб комплекс.

### ХIебда, ГIурада, Гьолокь нухал къачIана



ТIолго Дагъистаналда гIадамазе шартIал чIезариялъул хIалтIабазда гьоркьоса цIакъ кIудияб пайдаяб бакI ккола «Дир Дагъистан –дир нухал» абураб проекталъги.

6 октябралда ХIебда росулъ къачIан рагьана гьаадерил кьодухъе унеб нух. 0.2 км манзилалда бугеб гьеб нухлул бутIаялда тIуна хъил, кьотIноб хисана токалъул хIубалгун чирахъал, лъуна лъел мухъалъул трубаби. Гьединалго хIалтIаби гьаруна ГIурада ва Гьолокь росабалъги.

### Ракьуб цIияб ФАП бана



Араб соналъ тIубазабизелъун планалде босун букIараб Ракьуб росулъ ФАП бай рагIалде бахъинабуна. Унтаразе тIоцебесеб кумек щоларого, районалъул больницаялдаса рикIкIад букIун гIемераб захIмат букIана ракьусезе. Гьебги хIисабалде босун, районалъул бетIерасул хадубчIеялъ рес щвана Ракьуб цIияб ФАП базе.

Гьелъие бихьизабураб гIарцул къадар букIана 3.2 млн. гъурущ. Хехаб заманалда жаниб эхетана Ракьуб унтарал къабул гьаризе модулияб мина.

### Бищун цIикIкIараб хIалтIи лъайкьеялъул идарабазда

Араб соналъ нилъер районалда «Развитие образования» проекталда рекъон, 19 школалда хинлъи чIезабиялъул хIалтIаби рагIалде рахъинаруна.

ГIаммгьабун школазул шартIал лъикIлъизариялъе федералияб бюджеталдаса районалъе биччан букIана 46.5млн.гъурущ. Гьел сурсатазда





рекъон хIухьлаца хинлъизабулеб къагIида гьабуна ГIасаб, Бакълъухъ, Гьогъолъ, ТIелекь, Лъахъ, ТIогьохъ, Ракьуб ва ТIаса Колоб гьоркьохъел школазда. Гьединго Зивуриб, Лъануб, Дагъбаш аслиял школазда ва Сомода, НитIаб, Ругъелда-Хьиндахъ, Гьоор-Хьиндахъ, Мусрухъ, Датуна, ЦIекIоб, ГIурчухъ байбихьул цIалул школаздаги. Лъун руго дизельный генераторал, чIабар, гордалнуцIби хисун, къачIан руго классал. Гьеб проекталъул кумекалдалъун рес ккана чанго соналъ капиталияб ремонт щвечIел идараби цIилъизаризе.

ТIидиб ва ГIурада гьоркьохъел школазда цIи гьаруна спортзалал. Микьигъориб, Хучада ва Къваниб аслиял школазда турникал ва цогидал спортивиял инвентаралги лъун, рагьана лъималазе площадкаби.

Гьединго районалъул бюджеталдаса биччараб 12.2 млн. гъурущ хIалтIизабуна 18 объекталъе. Гьандихъ, ТIаса Бакълъухъ, ХIебда, ТIидиб, Лъахъ ва Ругъелда гьоркьохъел школазда гьаруна гIемерал хIалтIаби. КъваригIиналъухъ балагъу, гьенир тIохал хисана, лъуна цIиял гордал, хисана мокърукьбакIал, школалъул ракь сверун къана ва пищеблокалъе чIезабуна къваригIараб инвентарь.

Къваниб, Лъануб, Дагъбаш, Датуна, НитIаб ва Гьоор-Хьиндахъ аслиял ва байбихьул школазда гьаруна капиталиял ремонтал, босана хIажатаб инвентарь, волейболалъе площадка бана, хисана тIохал.



Гьединго хIалтIаби гьаруна ясли-ахазда. ХIебда ва ГьентIа садиказе лъуна лъималазе цIиял

## ■ АРАБ 2020 СОНАЛЪУЛ ХIАЛТIАБИ ВА ЦО-ЦО ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЛ

площадкаби. Гьолокь хисана токалъул кварал. Хучада садикалъе хIажатаб къайи-цIа босана.

ХIебда спортзалалда лъуна балкон. ТIелекь спортивияб школалда гьабуна отопление.

### Дагъбаш росулъ цIияб кьо



21 ноябралда байрамияб ахIвал-хIалалда Дагъбаш росулъе унеб нухда цIияб кьо рагьана. ГьитIинаб Дагъбаш росдал гIолохъабазул бажариялдалъун, 3 моцIида жаниб бан рагIалде бахъинабуна 26 м. халалъи, 5 м. гIеблъи ва 4.5 м борхалъи бугеб кьо. ГIемерал ишазе квал-квалаб гьеб нух къачIан лъугIараб къо, дагъбашдерил жамагIаталъе байрамлъун лъугьана.

### Дагъистаналъул руччабазул гIуцIи нилъер гьоболлъухъ

6 ноябралда ХIебда райадминистрациялда тIобитIана, жиндир аслияб масъалалъун росаби цIилъизари бугеб, Дагъистаналъул мугIрул руччабазул «Женщина за возрождение села» абураб форум. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна




Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул председатель Интизар Мамутаева, Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул Президиумалъул член Хасайбат Валиевналъ ва мугIрузул районазул руччабазул гIуцIабазул вакилзабаз.

Гьалбадерий дандчIвай гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.

Тадбиралда рорхун рукIана жакъасел къояз бищунго кIвар гьабизе ккарал суалал.

### МачIада цIиял нухал



МачIада росулъ аслиял къватIал гIатIидги гьарун, асфальтги тIун, лъадае рогIралги лъун къачIана исана. Гьединго МачIадаса тIун буго асфальт Расул ХIам-затовасул цIаралда бугеб лъималазул сахлъиялъул ва хIухьбахъиялъул лагералде щвезегIан. ГIаммгьабун киналго хIалтIабазе республикаялъулгун районалъул бюджеталдаса 4469000гъ. биччан букIана.

### «КЭМЗ АВИА» - мугIрузде роржен



Дагъистаналъул Гъизляр шагьаралда бугеб оборонный заводалъ гIуцIана жидерго авиакомпания, «КЭМЗ АВИА»ян цIарги кьун. Авиакомпания гIуцIиялъе хIалтIи рагIалде бахъинабуна ОАО Концерн «КЭМЗ»алъ. МачIада росдада тIад бугеб гIатIилъухъ хIадурун буго самолет рещтIине майдан. Араб соналъ чанго нухалъ гьениб рещтIана КЭМЗалъул самолет. Гъизляралдаса нилъер районалде машинаялда рекIун 5 сагIат бала, гьанже рес буго гьава къотIун цо сагIаталде щвезе.

*Информация х1адурана П.ЖАМАЛУДИНОВАЛЪ*

■ РИЩИЯЛ

# Росабалъ бегавулзаби рищана

**Араб соналъул декабрь моцIалда районалъул росабалъ тIоритIана бегавулзабазул рищиял. Рищиязул хIакъалъулъ бугеб къануналда рекъон, гьел рищула росдал собраниялъул депутатаз. Росдал бегавуллъиялде кандидатлъун ругел хасал тIалабазде мукIурал рукIине ккола. Росабазул бутIрул рищизе щибаб росулъ гIуцIарал хасал комиссияз цIар чIвана Шамил районалъул 25 муниципалитеталъул 19 бетIерасда.**

Росдал бегавул вуго жамагIат хадуб бачине ккколев чи. Гьеб чIухIараб кабинеталда гIодор чIеялъул хIалтIи гуреблъи лъала киназдаго. Росабалъ тIоритIулел тадбиразе цевехъанлъи гьабула бегавулас. Районалъул росаби гIахьаллъулел руго батIи-батIиял миллиял проектазда. Нухал къачIай, бацIцIадаб лъим чIезаби, рищникъул бакIариялъул гIадал ва цогидал хIалтIаби цере рачин бараб буго гьелъие рихьизарурал сурсатал ритIун хIалтIизариялда. Бегавуласул жигарлъи ва бажариялда бараб букIуна гIемерисеб.

Росабалъ жамагIаталъе рухIкьун, халкъалъул мурадазе гIоло бихьулеб къоялде хIалтIулел гIолохъаби рукIиналдалъун, гIемерисел бегавулзаби такрарго рищана. ЦIиял бегавулзаби рищана Гьандихъ росулъ ГIабдулвахIидов ГIабдулвахIид МухIамадович, ТIасабакълъухъ - Халатов Халато Сайпулаевич, Бакълъухъ - ХIажиев МухIамад МухIамадсайпулаевич, МачIада - ХIажиев Тикило МухIамадович.

*Давуд ДАВУДОВ*

■ АНТИТЕРРОР

# Терроризм гьукъиялъе гIаммаб къеркьей

**28 декабралда райадминистрациялда тIобитIана Антитерроралъул комиссиялъул гIатIидаб данделъи. Гьеб нухда бачана районалъул бетIер ва АТКялъул комиссиялъул председатель МухIамад ХIасановас.**




Комиссиялъул членал гурелги, данделъиялда гIахьаллъана районалъул прокурорасул заместитель ХI. ГIонжолов, полициялъул начальник М.ГьитIинамухIаммадов, районалъул имам Ю. ТIалхIатов, администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби ва районалъул идарабазул нухмалъулел.

Данделъиялда аслиял суалаллъун рихьизарун рукIана гIаммаб лъай кьолел идарабазда терроризмаялдаса цIуна-къай гьабиялъул бугеб ахIвал-хIал, цIияб сонална хурхун, байрамиял гIодор къояз гIадамазе хIинкъи гьечIолъи чIезаби ва гIолохъаби терроризмаялде гъорлъе лъугьинчIого рукIине гьарулел ругел тадбирал.

Данделъиялда борхараб щибаб суалалъе бичIчIи кьураб баян ва малъа-хъвай гьабулеб букIана МухIамад ХIасановас.

Гьединго, хIисабал кьуна араб соналъ терроризмгун экстремизмалда данде къеркьон гьарурал хIалтIабазул ва хадубккун гьаризе хIисабалде босаралъул. Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас рихьизаруна АТКялъул хIалтIулъ щвалде щвезаризе кколел аслиял масъалаби. Рихьизарурал хIалтIаби тIураялда хадуб хал кквезе тIадкъана районалъул бетIерасул заместитель, АТКялъул секретарь ГI. Рамазановасда.

*МухIамад ХIАМЗАТОВ*

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## Къварилъи ккедал ратулел

**Январалъул кватIараб сардил гIужалда, токалъул квар тIеялдалъун рухIана ТIелекь гьоркьохъеб №2 школалъул хIажатханал.**

**Нахъисеб къоялъул къайисаго, нахъбахъизе течIого, къваригIунебщинаб жиб-жиб роценалда къотIун къачIараб материал школалъул азбаралде бахъана ва хIалтIи гьабизе байбихьана.**

**Гьеб хехаб кумек гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, гьесул заместитель ГIабдуразакъ Рамазановас ва лъайкьеялъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевас.**

**Нижер школалъул коллективалъ азарго баркала загьир гьабулеб буго районалъул нухмалъулезе. ТIадегIанав Аллагь разилъайги нужедаса.**

*Школалъул коллективалъул рахъалдасан*
*МухIамадов Р.М.*

■ ЗИГАРА

## ХIамзатхIажиев ХIажимурад

РакIалдаго гьечIого чIвараб хехаб унтуца нилъедаса ватIалъана гIумруялъул завалалда вугев гIолохъанчи, гIисинал лъималазул эмен ХIамзатхIажиев ХIажимурад.

Аллагьас лъиданиги бихьизе хъван батугеги лъимадул бухIи. Гьесул эмен райсобраниялъул депутат ХIамзатхIажиев МухIамадида, гьесул хъизанлъималазда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, киналго администрациялъул хIалтIухъабаз ва редакциялъул коллективалъ. Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабейги, иманалда тIовитIарав ватайги.

**Дир гьудуласул вас ХIажимурадие**
**Аллагьасул къадар щведал**

ХIалхьи гьечIеб гIумру къваридаб къисмат,
Рохелал сундаса гьаб дунялалда.
Хабал гIемерлъанин гIолохъабазул
МагIирукълъун буго гьанже дуниял.

Къо-мех лъикIан абун эбел-эмен тун,
ГIасияб сапаралъ лъица ахIарав.
Гьаб дур минаялъуб магIирукъ рагьун,
Паналъун хутIана тIолабго росу.

ХIехьезе кIолареб ургъалилъ руго
Дуе гIумру кьурал эбелгун эмен.
Бицун пайда гьечIо вай ХIажимурад,
Дур тIулалъул яцал къварид ругеб куц.

Вихьизе куц бугев борхатаб лага
Кин дуде ракь хъвалеб гIолохъабаца.
ТIолабго гIагарлъи гIодилеб бугин
Лъиде ракIгъейилан гъаримго тарал.

Дур меседилаб рухI босулеб мехалъ,
АхIиго тIамичIищ устарзабазде.
Бусурманчиясда бихьугеги гьаб
Хирияв васги хун хачадулеб къо.

ТIегьго баккиладай росдал ракьалда,
Чергесал лугбазда тIад къаналги ран.
Мун гьечIеб гьаб гIумру бакьан гурилан
Сабру тIагIун руго яцалгун вацал.

Дур рухI босулелъул хIурулгIинзабаз
ХIалае квер бегьун кумек гьабичIищ.
ЧIинчIудал рагIалалъ магIуги бацIцIун,
Къойил цIар ахIулей эбелги йиго.

ЧIегIераб ракьгин зоб зигардичIелищ
Зонода васасул цIар бикIулелъул.
Зодихъ цIваби гIадин гIисинал лъимал
Лъиде божи гьабун бесдал гьарурал.

Алжан насиблъайги дуй ХIажимурад
Даимго ахIила дур цIар нижеца.
Росуго чIухIараб лебалаб лачен
ЦIарго хутIила дур абадиялъго.

*МухIамадрасул АСХIАБОВ*

■ 13 ЯНВАРЬ - РОССИЯЛЪУЛ БАСМАЯЛЪУЛ КЪО

# Хвалчадул къвакIиялдаса, къалмил тамахлъи бергьунеб




**(Байбихьи 1-себ гьумералда)**

Жакъа Дагъистаналда ругел 400ялдаса цIикIкIун СМИязда гьоркьоб 200ялде гIагарлъараб къадар ккола басмаялъул казият-журналазул. Щибаб 52 муниципалияб гIуцIиялъул буго администрацияби учредителаллъун кколеб казият. Официалиял документал гурониги гьезда рахъула муниципалитетазул цIиял харбал, тарих, маданият, шигIру, рухIияб рахъ жанир рачарал материалал. Жакъа миллиял басмабазда дандчIвалел захIмалъабазул аслияблъун буго рахьдал мацI цIуниялъул суал. Рахьдал мацIалда кIалъазе рес букIаралщинал гIолохъанаб гIелалъул вакилзаби гIемерисел шагьаразде гочунел руго. Жидерго гIага-божаразул, росдал ва росуцоязул тарих, гIадатал хис-хисараб къагIидаялъ жамгIиял гьиназдаса гурони лъазе тIалаб гьабулеб гьечIо. НекIсияб заманалдасаго букIараб тарихалъул цо-цо бутIаби гурого гьезда рихьизе рес гьечIо. Аслияб къагIидаялъ рикIкIадасеб магIарухъ ругел росуцоязул гIумру-яшав телефоналда, компьютералда яги телевизоралдаса бихьараб къокъаб видеоялъ загьирлъуларо. Гьединлъидал, метерисеб къоялде нилъер районалъул басма, «Цолъи» казият цониги интернеталъул алаталъ хисуларо.

Абулеб букIун буго кино ва телевидение баккигун театрал лъугIизе ругин. Амма гьелъул гIаксалда миллияб хаслъи, эркенаб ва чIагояб калам, театралъулазул гIадатлъи гьез хисичIо. Унго-унго миллаталъул ургъел бугез театралъул артистазул церерахъин жеги цIикIкIараб гъираялда къабул гьабула. Гьелдаго рекъон казияталъулги тIокIлъи буго гьеб интернеталъул алатазда дандеккун, щивав цIалдолесухъ кодобе щолеб букIиналъ. Анкьида жаниб цо нухалъ къватIиб биччалеб «Цолъи» казияталъул мурад буго районалда ругелги район тун къватIирехун ругелги нилъер ракьцоязул рукIа-рахъин гIатIидго къватIибе кьей. Районалъул щибаб мухъалъул росабазул рухIияб нахърател нахъе цIунизе ккани, гьеб къалмиде босизе ккола. Хьул буго щивав жиндирго гьитIинаб ВатIан бокьулес жиндаса бажарараб кумек гьабилин рухIиябгун маданияталъул гъамас чIобого хутIичIого букIиналъе.

*Давуд ДАВУДОВ*

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
**П.Ш. МухIамадова**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
**П.Г. Жамалудинова**

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
**Д.Давудов**
**П.Ибрагьимова**
**ТI. МухIамадов**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
**П. ГьитIинова,**
**М. Гъазалиев,**
**Ш. Абакаров,**
**М. ГъазимухIамадов.**

**НАБОР**
**М. ГьитIиномухIамадовалъул**

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
**Марьям ГIисаевалъул**

**Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ.№10-4593.**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун дандекколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.**
**Нижер электронияб почтаялъул адрес:**
gazeta.yedinstvo@mail.ru

**Издателасул ва редакциялъул адрес:**
**РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу**
**Имам Шамилил къватI 50**